# DEM ALÍW HUQÍQÍ HÁM ONÍ TÁRTIPKE SALÍWDÍŃ HUQÍQÍY TIYKARLARÍ

**E.Tilewov** – *pedagogika ilimleri boyıncha filosofiya doktorı, docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** konstitutsiya, qonun, huquq, kodeks, mehnat, dam olish, ta'til, yillik mehnat ta'tili, ijtimoiy ta'til, ijodiy ta'til.
**Ключевые слова:** конституция, закон, право, кодекс, труд, отдых, отпуск, ежегодный трудовой стаж, социальный отпуск, творческое призвание.
**Key words:** constitution, law, right, code, labor, rest, vacation, annual vocation, social leave, creative vocation.

Dem alıw huqıqı puqaralardıń eń áhmiyetli ekonomikalıq-sociallıq huqıqlarınan biri bolıp, oǵan tiyisli qaǵıydalar xalıq aralıq huqıqıy hújjetler menen belgilep qoyılǵan. Bular, Xalıq aralıq Miynet Shólkeminiń 1935-jılǵı 47-sanlı «Jumıs háptesin 40 saatqa shekem qısqarttırıw haqqında»ǵı, 1936-jılǵı 52-sanlı «Jıllıq haqı tólenetuǵın dem alıslar haqqında»ǵı Konvenciyalarında, sonday-aq BMShnıń 1966-jılǵı 19-dekabrdegi «Ekonomikalıq, sociallıq hám mádeniy huqıqlar haqqında»ǵı xalıq aralıq Paktte bekkemlep qoyılǵan.

Jańa redakciyadaǵı Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń «Ekonomikalıq, sociallıq, mádeniy hám ekologiyalıq huqıqlar» atlı 9-babınıń 45-statyasında «Hár kim dem alıw huqıqına iye. Jallanıp islewshilerge dem alıw huqıqı jumıs waqtınıń dawamıylıǵın, dem alıw hám islenbeytuǵın bayram kúnlerin, haqı tólenetuǵın hár jılǵı miynet dem alısın belgilew arqalı támiyinlenedi» [1] dep kórsetilgen.

Dem alıs waqıtı – xızmetker miynet wazıypaların orınlawdan tısqarı bolǵan hám bunnan ol óz ıqtıyarına kóre paydalanıwı múmkin bolǵan waqıt bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikası miynet nızamlarına tiykar dem alıs waqtınıń túrleri tómendegilerden ibarat:

- jumıs kúni (smena) dawamındaǵı tánepisler;
- hár kúngi (smenalar aralıǵındaǵı) dem alıs;
- dem alıs kúnleri (hár háptelik úzliksiz dem alıs);
- islenbeytuǵın bayram kúnleri;
- hár jılǵı tiykarǵı hám qosımsha miynet dem alısları;
- xızmetkerdiń qálewine kóre dem alıs kúninde yaki islenbeytuǵın bayram kúninde islegenlik ushın kompensaciya sıpatında usınılatuǵın jumıstan bos bolǵan qosımsha kúnler, sonday-aq, qan hám onıń quramlıq bólimleri tapsırılǵan hár bir kúnnen keyin donorlarga beriletuǵın dem alıs kúni.

Jumıs kuni dawamında xızmetkerge dem alıw hám awqatlanıw ushın dawamlılıǵı kóbi menen eki saat hám keminde otız minut bolǵan, jumıs waqtına kiritilmeytuǵın tánepis beriliwi kerek. Ishki miynet tártibi qaǵıydalarına yaki miynet shártnamasında, eger xızmetker ushın belgilengen kúnlik jumıstıń dawamlılıǵı tórt saattan aspasa, oǵan bul tánepis berilmewi názerde tutılıwı múmkin.

Eger jumıs kúniniń dawamlılıǵı segiz saattan asqan jaǵdaylarda xızmetkerler ushın jumıs waqtın jámlep esapqa alıw belgilengen bolsa, xızmetkerge dem alıw hám awqatlanıw ushın eki tánepis beriliwi kerek.

Ózbekstan Respublikası Miynet kodeksiniń 206-statyasına tiykar «Jumıstıń tamam bolıwı hám onıń keyingi kúni baslanıwı ortasındaǵı hár kúngi dem alıw dawamlılıǵı, sonıń ishinde dem alıw hám awqatlanıw ushın tánepis on eki saattan kem bolıwı múmkin emes»[2].

Xızmetkerlerge hár háptede dem alıs kúnleri beriledi.

Bes kúnlik jumıs háptesinde xızmetkerlerge háptede eki dem alıs kúni, altı kúnlik jumıs háptesinde bolsa bir dem alıs kúni beriledi.

1-yanvar – Jańa jıl;
8-mart – Hayal-qızlar kúni;
21-mart – Nawrız bayramı;
9-may – Eslew hám qádirlew kúni;
1-sentyabr – Ǵárezsizlik kúni;
1-oktyabr – Oqıtıwshı hám tárbiyashılar kúni;
8-dekabr – Ózbekstan Respublikası Konstituciyası kúni;
Oraza xayıt (Iyd al-Fitr) diniy bayramınıń birinshi kúni;
Qurban xayıt (Ayd al-Adha) diniy bayramınıń birinshi kúni Ózbekstan Respublikası Miynet kodeksine tiykar jumıs islemeytuǵın bayram kúnleri bolıp esaplanadı.

Eger dem alıs kúni jumıs islemeytuǵın bayram kúnine tuwrı kelgen jaǵdayda, dem alıs kúni bayramnan keyingi jumıs kúnine kóshiriledi.

2023-jıl 22-dekabrde Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «2024-jılda rásmiy sánelerin nıshanlaw dáwirinde qosımsha islemeytuǵın kúnlerdi belgilew hám dem alıs kúnlerin kóshiriw haqqında»ǵı PF-213-sanlı pármanı shıqtı. Pármanǵa tiykar:

1. 2024-jılda tómendegi qosımsha dem alıs kúnleri belgilensin:

- barlıq xızmetkerler ushın (jumıs háptesiniń túrine qaramastan): 22-mart-juma, 11-aprel-piyshembi, 18-iyun-siyshembi, 3-sentyabr-siyshembi, 31-dekabr-siyshembi;
- altı kúnlik jumıs háptesinde isleytuǵın xızmetker ushın: 2-yanvar-siyshembi, 23-mart-shembi, 12-aprel-juma, 31-avgust-shembi, 30-dekabr`-dúyshembi.

2. Miynet kodeksiniń 208-stat`yasına muwapıq:

- islemeytuǵın bayram kúnleri esaplanıwshı «1-sentyabr – Ózbekstan Respublikası ǵárezsizlik kúni», «8-dekabr – Konstituciya kúni» bayramları 2024-jılda ekshembi – dem alıs kúnlerine tuwrı keliwi qatnası menen usı dem alıs kúnleri mas ráwishte 2024-jıl 2-sentyabr hám 9-dekabr – dúyshembi kúnlerine kóshiriliwi;

3. 2024-jılda bes kúnlik jumıs háptesinde isleytuǵın xızmetkerler ushın dem alıs kúnleri tómendegi tártipte kóshirilsin:

- 6-yanvar – shembi kúninen 2-yanvar – siyshembi kúnine;

13-aprel – shembi kúninen 12-aprel – juma kúnine;

14-dekabr – shembi kúninen 30-dekabr – dúyshembi kúnine kóshiriliwleri belgilenip ótilgen.

Dem alıs kúnlerinde hám islenbeytuǵın bayram kúnlerinde jumıs islew qadaǵan etiledi.

Ózbekstan Respublikası Miynet kodeksine tiykar jumıs beriwshi menen dúzilgen miynet shártnaması tiykarında miynet iskerligin ámelge asırıp atırǵan xızmetkerler ushın dem alıslardıń tómendegi túrleri kórsetip ótilgen:

- hár jılǵı miynet dem alısı;
- sociallıq dem alıslar;
- is haqı bólek saqlanatuǵın dem alıs;
- is haqı saqlanbaytuǵın dem alıs.

Hár jılǵı miynet dem alısı dem alıw hám jumıs islew qábiletin tiklew ushın jumıs ornı (lawazımı) hám de ortasha is haqı saqlap qalınǵan jaǵdayda jumıstan azat etiletuǵın, xızmetkerge hár jılı jumıs jılı dawamında beriletuǵın waqıt dáwiri bolıp esaplanadı. Hár jılǵı tiykarǵı eń kem miynet dem alısınıń dawamlılıǵı jigirma bir kalendar` kúninen kem bolmawı kerek.

Ózbekstan Respublikası Miynet kodeksiniń 220-statyasına tiykar «Xızmetkerge ol bir shólkemde yaki tarmaqta islegen hár bes jıl ushın dawamlılıǵı eki kalendar kún bolǵan, biraq jámi segiz kalendar kúnnen kóp bolmaǵan hár jılǵı qosımsha miynet dem alısı beriledi» [2].

Hár jılǵı miynet dem alısınıń ulıwma dawamlılıǵın esaplap shıǵarıwda qosımsha dem alıslar hár jılǵı tiykarǵı eń kem dem alıs yaki hár jılǵı tiykarǵı uzayttırılǵan dem alısqa qosıp jámlenedi.

Barlıq jaǵdaylarda nızamshılıq penen belgilengen dem alıslardı jámlewde olardıń dawamlılıǵı bir jumıs jılı ushın eliw altı kalendar` kúnnen asıp ketiwi múmkin emes.

Bir qatar mámleketlerde jıllıq miynet dem alıslarınıń múddeti:

| № | Mámleket | Jıllıq miynet dem alısı múddeti, kún esabında |
|---|---|---|
| 1 | Belarus | 24 |
| 2 | Rossiya | 28 |
| 3 | Ukraina | 24 |
| 4 | Qazaqstan | 24 |
| 5 | Kuveyt | 35 |
| 6 | Lyuksemburg | 32-34 |
| 7 | Andorra | 31 |
| 8 | Aljir | 30 |
| 9 | Bahrayn | 30 |
| 10 | AQSh | 10 |
| 11 | Tayvań | 3-15 |
| 12 | Filippin | 5 |
| 13 | Qıtay | 5 |
| 14 | Meksika | 6 |
| 15 | Tailand | 6 |
| 16 | Nigeriya | 6 |
| 17 | Malayziya | 8-16 |

Is haqı saqlanbaytuǵın dem alıs degende xızmetkerdiń jumıs ornı (lawazımı) saqlanıp qalǵan jaǵdayda haqı tólenbeytuǵın dem alıs túsiniledi.

Xızmetkerdeń jazba arzasına kóre oǵan is haqı saqlanbaytuǵın dem alıs beriliwi múmkin bolıp, onıń dawamıylıǵı xızmetker hám jumıs beriwshi ortasındaǵı kelisimge kóre belgilenedi, lekin ol is haqı saqlanbaytuǵın aqırǵı dem alıs berilgen kúnnen baslap kalendar jıl dawamında úzliksiz yaki jámlengen halda úsh aydan aspawı kerek.

Ayırım jaǵdaylarda is haqı saqlanbaytuǵın dem alıslar kóbi menen altı ayǵa shekem kóbeyttiriliwi múmkin. Bular, karantin sharaları ámelge asırılıp atırǵan, ayrıqsha jaǵday járiya etilgen dáwirde hám pútin xalıqtıń yaki onıń bir bóleginiń turmısına yamasa normal jasaw sharayatlarına qáwip salıwshı basqa jaǵdaylarda boladı.

Sonıń menen birge, eki jasqa tolmaǵan balanınıń ata-anasınan birine dem alıw hám awqatlanıw ushın tánepisten tısqarı balanı awqatlandırıw ushın qosımsha tánepisler beriledi. Bul tánepisler keminde hár úsh saatta, hár biri otız minuttan kem bolmaǵan dawamlılıqta beriledi. Eki jasqa tolmaǵan eki yaki onnan artıq perzenti bolǵan jaǵdayda, tánepistiń dawamlılıǵı keminde bir saat etip belgilenedi. Bunda, balanı awqatlandırıw ushın tánepisler jumıs waqtına kiritiledi hám ortasha is haqı boyınsha haqı tólenedi.

1997-jıl 11-mart kúngi Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «Ózbekstan Respublikasınıń Miynet kodeksin ámelge asırıw ushın zárúr bolǵan normativ hújjetlerdi tastıyıqlaw haqqında»ǵı 133-sanlı Qararınıń 7-qosımshasında «Dóretiwshilik dem alıslar beriw tártibi» kórsetip ótilgen. Dóretiwshilik dem alıslar beriw tártibi jańa redakciyadaǵı Miynet kodeksiniń 387-statyasında da belgilenip ótilgen.

Miynet iskerligi yaki pedagogikalıq iskerlikti ilimiy jumıs penen birge alıp barıwshı shaxslarǵa tiykarǵı jumıs ornında ortasha is haqı hám lawazımı saqlanǵan halda tómendegi múddetlerge dóretiwshilik dem alısları beriledi:

filosofiya doktorı (Doctor of Philosophy (PhD) ilimiy dárejesin alıwǵa tiyisli dissertaciyanı juwmaqlaw ushın hám de sabaqlıqlar hám oqıw-metodikalıq qollanbalar qol jazbalarınıń avtorlarına – úsh ayǵa shekem;

ilim doktorı (Doctor of Science (DSc) ilimiy dárejesin alıwǵa tiyisli doktorlıq dissertaciyanı juwmaqlaw ushın – altı ayǵa shekem.

Avtorlar jámáátleri tárepinen sabaqlıqlar hám oqıw-metodikalıq qollanbalardı jazıw waqtında avtorlar jámááti aǵzalarınan birine avtorlar toparınıń barlıq aǵzaları qol qoyǵan jazba arzasına muwapıq dóretiwshilik dem alıs beriledi. Avtorlar dem alıstı óz ara bólistiriwge de haqılı.

Ilimiy dáreje alıwǵa dawagerlerge, sonday-aq sabaqlıqlardıń yaki oqıw-metodikalıq qollanbalardıń avtorlarına náwbettegi jıllıq miynet dem alısları olar dóretiwshilik dem alıslardan paydalanǵanlıǵına qaramastan beriledi.

Ulıwma alǵanda, jumıs islewshi puqaralardıń dem alıw huqıqı mámleketimizde nızamlı tiykarlarǵa muwapıq kepillestirilgen. Bular haqqında joqarıda kórsetip ótildi. Sonıń menen birge, Insan huqıqlarınıń Ulıwma dunya júzlik deklaraciyasınıń 24-statyasında da «Hár bir insan dem alıw hám bos waqtına iye bolıw, sonıń ishinde jumıs kúnin aqılǵa uǵras sheklew huqıqı hám haqı tólenetuǵın miynet dem alısı alıw huqıqına iye» ekenligi haqqında xalıq aralıq hújjette huqıqıy tárepten bekkemlengen.

**Ádebiyatlar**


1. O‘zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. -T.: «O‘zbekiston», 2023.
2. O‘zbekiston Respublikasi Mehnat kodeksi. -T.: «Adolat», 2023.
3. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining «2024-yilda rasmiy sanalarni nishonlash davrida qo`shimcha ishlanmaydigan kunlarni belgilash va dam olish kunlarini ko‘chirish to‘g‘risida»gi 213-sonli Farmoni. 22-dekabr 2023-yil.
4. O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining «O‘zbekiston Respublikasining Mehnat kodeksini amalga oshirish uchun zarur bo‘lgan normativ hujjatlarni tasdiqlash to‘g‘risida»gi 133-sonli Qarori. 11-mart 1997-yil.



**REZYUME.** Maqolada O‘zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi, O‘zbekiston Respublikasi Mehnat kodeksi, Prezident farmon va qarorlariga asos xodimlarning dam olish huquqlari, yillik mehnat ta’tillari, ularning turlari haqida keng yoritib berildi. Dam olish vaqti xodim mehnat majburiyatlarini bajarishdan ozod bo‘lgan va o‘z ixtiyoriga ko‘ra foydalanishi mumkin bo‘lgan vaqtdir.

**РЕЗЮМЕ.** В статье Конституция Республики Узбекистан, Трудовой кодекс Республики Узбекистан, указы и постановления Президента основы должностных лиц Республики Узбекистан, трудовые каникулы, трудовые каникулы. В течение некоторого времени работники труда могут быть освобождены, а волонтеры могут быть освобождены в течение некоторого времени..

**SUMMARY.** Article Constitution of the Republic of Uzbekistan, Labor Code of the Republic of Uzbekistan, decrees and resolutions of the President, bases of officials of the Republic of Uzbekistan, labor holidays, labor holidays. Labor workers may be released for some time, and volunteers may be released for some time.


## TARIYXÍY-MÁDENIY MIYRASLARDÍ QORǴAW – KONSTITUCIYALÍQ MINNET


**E.Tilewov** – *pedagogika ilimleri boyıncha filosofiya doktorı, docent*

**S.Dosmaganbetov** – *úlken oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** Konstitutsiya, qonun, tarix, ma’naviy, madaniy, meros, tarixiy meros, ma’naviy meros, madaniy meros.

**Ключевые слова:** Конституция, закон, история, духовное, культурное, наследие, историческое наследие, духовное наследие, культурное наследие.

**Key words:** Constitution, law, history, spiritual, cultural, heritage, historical heritage, spiritual heritage, cultural heritage.


Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 59-statyasında «Barlıq puqaralar Konstituciyada belgilep qoyılǵan minnetlerdi orınlaydı», dep kórsetilgen.

Konstituciyanıń 61-statyasında «Puqaralar Ózbekstan xalqınıń tariyxıy, ruwxıy, mádeniy, ilimiy hám tábiyiy miyrasın asırap-abaylawı shárt. Tariyxıy, ruwxıy, mádeniy, ilimiy hám tábiyiy miyrası mámleket tárepinen qorǵaladı»[1], dep kórsetilgen.

Sonıń menen birge 2023-jılı 11-sentyabrde Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 158-sanlı «Ózbekstan – 2030» strategiyası haqqında»ǵı Pármanı qabıl etildi. Párman 5 baǵdar, 100 maqsetten ibarat.